



Built to Lead

Pou piblikasyon imedya: 06/29/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOVERNOR CUOMO BAY \$10.5 MILYON POU SIPÒTE NOUVO SANT YO POU EDE MOUN SILA YO KAP REKIPERE DE ADIKSYON

Swiv rekòmandasyon prensipal ki soti nan Gwoup Travay Ewoyin Gouvènè a pou elaji sipò pou moun yo kap rekipere ansanm avèk fanmi yo

Sis nouvo sant kominotè ak sansibilizasyon toupatou nan Eta pral resevwa finansman pou bay sèvis rekiperasyon enpòtan

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse \$10.5 milyon nan finansman sou senkan pou sipòte sis nouvo Sant Sansibilizasyon ak Kominotè nan kominote yo toupatou nan New York. Nouvo sant yo, ki finanse pa Biwo Sèvis Abi Sibstans ak Alkòl Eta New York, pral bay sipò sante, byennèt ansanm avèk lòt sipò enpòtan pou moun ansanm avèk fanmi yo kap rekipere de yon twoub abi sibstans oswa kap chèche sèvis rekiperasyon.

"Adiksyon devaste lavi anpil Nouyòkè ansanm avèk fanmi yo," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo sant sa yo pral bay resous ki nesèsè ak sipò pou moun sila yo kap chèche rekiperasyon e li pral ede nou devlope yon pi bon New York ki pi solid pou tout moun."

Nouvo modèl sant rekiperasyon sa yo se dènye ajou nan apwòch plizyè-fasèt Gouvènè Cuomo pou adrese twoub abi sibstans nan Eta New York. Gwoup travay ewoyin Gouvènè a te tandè Nouyòkè yo sou enpòtans sèvis rekiperasyon ankou ki baze lokalman. Nouvo sant sa yo pral reponn dirèkteman nan bezwen sa ke Gwoup Travay la eksprime nan reyinyon patisipan yo. Sant yo pral angaje zanmi ak volontè pou ede yo nan rekiperasyon sou chemen yo pou byennèt. Anplwaye Sant lan pral bay resous epi òganize aktivite kap favorize yon lavi byennèt pou moun, fanmi ansanm avèk manm kominote yo. Komisyonè Biwo Sèvis Alkòl ak Abi Sibstans Eta New York Arlene González-Sánchez te anonse prim yo nan yon konferans laprès jodia nan Asosyasyon Fanmi ak Timoun nan New York, te rejwenn pa reprezantan yo ki soti nan kominote rekiperasyon.

Komisyonè Sèvis Abi Sibstans ak Alkòl Eta New York Arlene González-Sánchez te deklare, "Rekiperasyon nan maladi adiksyon reyèl e li reyalizab grasa sipò ak sèvis ki baze sou kominote. Òganizasyon sa yo ke yo te chwazi pou bay sèvis rekiperasyon ak sansibilizasyon gen yon rekò pwouve pou bay bon jan kalite sèvis pou moun sila yo kap souffri de maladi adiksyon. Avèk nouvo prim sa yo, nou pral anmezi pou kontinye bon travay yo epi ede plis Nouyòkè jwenn zouti yo bezwen pou kenbe yon bon jan kalite

lavi, mòdvi ki pa gen sibstans, isit nan pwòp kominote yo.”

Sis sit ke yo te chwazi yo grasa yon demann pou pwopozisyon evalyasyon konpetitif ke Biwo Sèvis Abi Sibstans ak Alkòl Eta New York te jere pral resevwa finansman sou senkan ki totalize kantite lajan ki annaprè yo:

Long Island:

[Family & Children's Association](#), Mineola, N.Y. \$1.75 milyon

Vil New York:

[Community Health Action of Staten Island](#), Staten Island, N.Y. \$1.75 milyon

Hudson Valley:

[Independent Living Inc.](#), Newburgh, N.Y. \$1.75 milyon

Rejyon Capital:

[Konsèy Prevansyon \(Konsèy Prevansyon Abi Sibstans & Alkòl Prevention Council of Saratoga County Inc.\)](#), Saratoga Springs, N.Y. \$1.75 milyon

Central NY:

[PIVOT \(Alcohol & Substance Abuse Council of Jefferson County, Inc.\)](#), Watertown, N.Y. \$1.75 milyon

Rejyon Lwès NY:

[Lake Shore Behavioral Health](#), Buffalo, N.Y. \$1.75 milyon

Sant Rekiperasyon Kominotè ak Sansibilizasyon pral bay anviwonman non-klinik ki baze sou kominote ki ansekirite, ki pa gen dwòg ak alkòl pou nenpòt manm nan kominote a. Chak sant rekiperasyon pral reponn a bezwen spesifik lokal zòn nan ki gen rapò avèk sèvis tretman abi sibstans ak sipò rekiperasyon pou adiksyon. Sant lan pral bay rekiperasyon alontèm grasa ranfòsman konpetans, lwazi, byennèt edikasyon, preparasyon pou travay, opòtinite restorasyon sivik, ansanm avèk lòt aktivite sosyal yo. Sèvis yo pral aksesib non sèlman pandan lè lajounen, men tou pandan apremidi ak wikenn yo, pou reponn a bezwen moun ansanm avèk fanmi yo ki ka bezwen èd nan diferan lè.

Anplwaye nan sant Rekiperasyon an pral bay èd pou moun ansanm avèk fanmi yo pou ede yo navige nan sistèm tretman adiksyon epi garanti pwoteksyon asirans pou plizyè nivo nan tretman adiksyon. Sant yo pral bay tou yon opòtinite pou moun ansanm avèk fanmi yo konekte avèk zanmi yo kap konfwonte menm difikilte kidonk yo ka benefisye de eksperyans pataje ansanm avèk angajman nan objektif komen pou rekiperasyon. Aksè a defansè pou zanmi, antrenè rekiperasyon, ansanm avèk spesyalis pou adiksyon grasa sant rekiperasyon sa yo pral ede pou plis ranfòse pwosesis rekiperasyon an.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen pwòch paran ki gen difikilte, ka jwenn èd ak espwa lè yo rele nimewo telefòn gratis Eta, 24-èdtan pa jou, 7-jou nan

yon semèn liy HOPE nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369). Pou jwenn yon pwofesyonèl tretman twoub abi sibstans ki gen sètifikasyon OASAS, Nouyòkè yo ka itilize [Tablo OASAS pou disponibilite tretman](#) oswa lè ou vizite paj [Access Treatment](#) sou sitwèb OASAS. Pou jwenn enfòmasyon sou konbat itilizasyon ewoyin ak abi preskripsyon opyòd, vizite sitwèb Eta New York [CombatHeroin](#). Enfòmasyon sou fòmasyon sidozaj anti-opyòd disponib [la](#). Pou w jwenn plis zouti sou fason pou pale avèk yon jèn konsènan pwoblèm bwè alkòl pou yon minè oswa konsènan pwoblèm pran dwòg, vizite sitwèb [Talk2Prevent](#) eta a.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418